

# THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores  
Elementary School  
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100



JANUARY2023

# A note from Mr. Sabatino,



Kounye a n ap avanse kite tout vakans nou yo dèyè nou. Nou swete tout moun te amize yo byen epi yo te byen repoze yo, yon repo byen merite. Yo te bay dezyèm Egzamen leta nou an e nou pral itilize done enpòtan sa yo pou ede nan entriksyon nou pou rès ane a

Nou ap kontinye ap nouvo pwogram "Book It" nou an, se yon pwogram ki ede timoun pitza kom prim lè yo li epi gen yon jounal . Sa sa yon bon pwogram ankourajman Tannpri, asiste pitit ou a ak sa pou li kapab jwenn yon pitza ki soti nan Pizza Hut Lannwit STEM nou an ap fèt 18 Janvye e se va yon bon opòtinite pou ou vini nan lekòl nou an epi wè pitit ou ki ap sa te ap fè nan plizyè areya nan klas syans, teknoloji, Enjenyè, ak matematik. Lekòl nou an va transfòme nan diferan tèm ke yo te aprann jis nou rive la nan ane lekòl la. Anplis de sa, klas 2èm Ane nou yo te genyen dejene alfabetizasyon yo a e klas 3èm Ane nou yo ap genyen pa yo a 27 Janvye.

Fantastik PTO nou an te kontinye ap ranmase lajan ak Kona Ice, e timoun nou yo te byen apresye sa n ap kontinye fè sa pandan tout rès ane lekòl la. Ranmasman lajan nou an pou momen nwèl la te yon siksè tou. e klas ki te ranmase plis la se te klas Mrs Gonzalez la. Nou te pase yon moman an fanmi nan Chuck E Cheese, li te trè amizan. Nou va genyen lòt nwì an fanmi, tanpri rete veyatif pou enfòmasyon lè nou ap apwoche pi pre.

Tanpri, sonje pou ou mete pitit ou a prè pou li ka soti nan machin nan le maten nan bò pasaje a pi vit ke posib nan moman ou rive devan lekòl la. Epi sonje, lè w vin chache elèv ou, pa pake nan estasyon bis la oubyen nan okenn pwopriyete nan vwazinaj yo. Ou ka senpleman vini nan antre prensipal laepi pran pitit ou a devan lekòl la. Konsa, nou va kenbe tout timoun an sekirite epi fè kè vwazinaj nou yo kontan.

Nou genyen reyinyon SAC ak PTO chak 3èm Mèkredi nan mwa a, tanpri sonje sa pou ou kapab eseye vini pou ka genyen tout enfòmasyon ki nouvèl sou sa ki ap pase nan lekòl nou an.

Mèsi anpil pou tout sipòkontinyèl ou.



# A note from Ms. Rogers,

## Deskripsiyon KG-2 Star Reading pou Paran

Pitit ou a te pran yon evalyasyon Star Reading adapte sou òdinatè. Rapò sa a rezime nòt pitit ou a fè nan tès la. Genyen plizyè faktè ki kapab afekte nòt pitit ou a. Li enpòtan pou konprann nòt sa bay sèlman yon imaj sou fason pitit ou a ap travay lekòl.

Nan Parent Gateway a, ou ta dwe wè nòt sa yo pou pitit ou a:

Percentile Rank (PR) se nòt pitit ou a fè, konpare avèk lòt elèv ki te pran evalyasyon Star Reading nan menm klas la. Gam PR la ant 1-99 avèk 50 kòm mwayèn. Nòt PR la vle di konpetans pitit ou a pi wo pase pou santaj elèv yo. Paegzanp, yon PR 50 vle di konpetans pitit ou pi wo pase 50 pou san elèv yo te teste yo. Gam PR la endike si pitit ou a te pran tès la plizyè fwa, majorite nòt yo ta pwobableman tonbe nan gam sa a. Nòt PR plase li nan youn nan kat (4) kategori:

Scale Score se nòt pitit ou a anjeneral, ki kalkile baze sou difikilte kesyon yo ak kantite repons ki kòrèk. Nòt Scale Scores pou Star Reading soti nan 600 rive 1400. Plis nòt Scale Score la wo, plis pèfòmans la pi bon.



<b>Stage</b>	<b>Scale Score Range</b>	<b>Description</b>
Early Emergent Reader	200 to 682	A child at the Early Emergent Reader stage is beginning to understand: <ul style="list-style-type: none"> <li>• that printed text has meaning.</li> <li>• that reading involves printed words and sentences that flow from left to right and top to the bottom on the page.</li> <li>• how to identify colors, shapes, numbers, and letters.</li> <li>• that spoken speech can be represented by letters and that letters have specific shapes.</li> <li>• how to identify letters and see the differences between them.</li> <li>• how to recognize rhyming sounds.</li> </ul>
Late Emergent Reader	683 to 785	A child at the Late Emergent Reader stage is beginning to: <ul style="list-style-type: none"> <li>• rapidly identify the letters of the alphabet and can match most of the letters to their sounds.</li> <li>• "read" picture books and familiar words around their home.</li> <li>• build their vocabularies, listening skills, and understanding of print through repeated reading of favorite books with an adult.</li> <li>• recognize some printed words and can write his/her name.</li> <li>• separate spoken words into smaller parts and then to blend the sounds together to say the words.</li> <li>• sound out simple printed words and get meaning from text.</li> </ul>
Transitional Reader	786 to 851	A child at the Transitional Reader stage: <ul style="list-style-type: none"> <li>• has mastered alphabet skills and letter-sound relationships.</li> <li>• can identify beginning and ending consonant sounds and long and short vowel sounds.</li> <li>• can blend sounds and word parts to read simple words.</li> <li>• can use a variety of strategies to figure out words, such as pictures, story patterns, and phonics.</li> <li>• applies basic concepts about print and books to unfamiliar text.</li> <li>• can apply his/her knowledge of common letter combinations to read words.</li> <li>• uses awareness of context, such as illustrations or rhyming words in poems, to figure out unfamiliar words.</li> <li>• is beginning to read easy-reader material, but is not yet a fluent, independent reader.</li> </ul>
Transitional Reader <i>(continued)</i>	786 to 851	
Probable Reader	852 to 1100	A child at the Probable Reader stage: <ul style="list-style-type: none"> <li>• is becoming proficient at recognizing many words, both in and out of context.</li> <li>• spends less time identifying and sounding out words and more time understanding what they have read.</li> <li>• can blend sounds and word parts to read words and sentences more quickly, smoothly, and independently.</li> <li>• can use more complex strategies to decode words and access the meaning of grade-appropriate text.</li> <li>• understands that many words can have similar or opposite meanings and that words have different functions.</li> <li>• is increasingly able to select books that interest him/her, to monitor his/her own reading, and to self-correct as needed.</li> <li>• is probably able to locate key details in text to answer literal and inferential questions as well as read aloud some easy texts with accuracy, fluency, and expression.</li> </ul>

Pou ede yon Early Emergent Reader amelyore, bagay ki pi enpòtan ou ka fè se li liv istwa byen fò lakay ou. Si ptit ou a mande menm liv la ankò e ankò, kontinye li l. Epitou, pale ak ptit ou a sou sa ou te li. Atravè koute epi pale sou istwa, ptit ou a pral aprann gen rapò ak mo ki pale ak mo enprime sou paj la.

Pou ede yon Lektè ki an reta pou amelyore, bagay ki pi enpòtan ou ka fè se li liv ki enteresan e ki previzib pou ptit ou a epi avèk li. Ou gendwa vle ankouraje ptit ou a tou pou li eksprime pwòp lide li. Li enpòtan pou w pale ak ptit ou sou sa ou te li, wè, tandé oswa fè ansanm. Ptit ou a ta benefisyé tou nan jwèt ki devlope yon konsyans sou son ak lèt, tankou jwèt rime oswa jwèt ki enplike klasman mo pa premye lèt, dènye lèt, oswa son.

Pou ede yon Lektè Tranzisyon an vin yon lektè ki pale byen, li enpòtan pou li liv istwa awotvwa ak ptit ou lakay ou. Lè w li awotvwa ansanm, w ap bay ptit ou a modèl lekti byen. Ptit ou a ta benefisyé tou nan jwèt ki mande pou matche mo pale ak mo enprime sou paj la.

Pou ede yon lektè pwobab kontinye amelyore konpetans li nan lekti, li enpòtan pou bay opòtinite pou li ak diskite sou yon varyete liv lakay li. Ptit ou a ta benefisyé tou nan aktivite amizan, tankou jwe jwèt mo oswa poze kesyon ki mande pou eksprime yon opinyon oswa yon lide.

Gen plis enfòmasyon disponib nan <http://l.sdpbc.net/yvyoo>.  
Si w gen nenpòt kesyon sou nòt ptit ou a oswa  
rekòmandasyon sa yo, tanpri kontakte lekòl ptit ou a.

# After School Program

*Enskripsyon an ap kontinye....*

*Frè Enskripsyon: \$25 pou chak timoun*

Lekòl nou an aplike yon pwogram apre lekòl ki vize pou jwenn nouvo konesans ak amelyore nòt yo.

Li sèvi tou gadri pou timoun yo.



## Pwogram nan gen ladan l

- ★ STEAM
- ★ SPARK
- ★ Art
- ★ Homework
- ★ SEL
- ★ Cooking
- ★ Counselor Run Clubs
- ★ Get Fit 4 Kidz
- ★ Yoga
- ★ Literacy Coalition

Pwofesè Pwogram Apre Lekòl la pral ede elèv yo pi byen konprann sijè konplèks, òganize yon metòd aprantisaj apwopriye, epi ranpli twou vid ki genyen nan konesans.



# Counselor's Corner

Mrs. Heitz  
[diana.heitz@palmbeachschools.org](mailto:diana.heitz@palmbeachschools.org)

Mrs. Briceno  
[vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org](mailto:vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org)


Bonjou Paran  
ak Gadyen!

Nou rekonesan anpil pou tout don ke yo te baby nan Giving Tree ki te pote lajwa pandan sezon fèt sa a. Timoun yo te tèlman kontan ak rekonesan!!

Dat limit la ap apwoche rapidman pou elèv ak paran ki ta renmen aplike pou pwogram chwa yo. Yon fwa fenèt aplikasyon an fèmen, li fèmen. Pa gen yon dezyèm chans. Pou elèv ki espere ale nan lekòl ki gen odisyon tankou Bak, dat limit aplikasyon an se 9 desanm. Pou tout lòt pwogram chwa, dat limit aplikasyon an se 27 janvye. Konseye lekòl yo ka reponn kesyon konsènan kalifikasyon ak kondisyon.

Bòn ane a tout fanmi Freedom Shores nou yo!  
Nou ta renmen kòmanse Nouvèl Ane a nan ankouraje elèv nou yo fikse objektif pou yo vin lekòl chak jou ak alè.





## **Paran kòm Lyezon an (Pal)**

Paran kòm Lyezon an (Pal) se Madam Mary Black, ou ka kontakte li nan [mary.black.c@palmbeachschools.org](mailto:mary.black.c@palmbeachschools.org) pou èd pou navege pandan pwoesisis ESE a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pals nan <https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.



## **Child Find**

\* Child Find ofri enfòmasyon ak EVALYASYON GRATIS pou timoun 3-5 an ki ka gen difikilte pou aprann, pale, jwe, wè, mache, ak/oswa tande. Pou kòmanse pwoesisis la, tanpri rele anplwaye yo nan: (561) 434-7337.



## **IEP**

"Reyinyon IEP yo pou ap fèt vityèl oubyen an pèson. N ap mande ou tanpri si ou malad nan 3 jou pase yo tanpri chwazi pou reyinyon ou an vityèl pou pwoteksyon anplwaye yo.  
Si w gen enkyetid oswa ou ta renmen pataje nouvo enfòmasyon ak ekip ESE a tanpri kontakte Sharrié Vereen, Koòdonatris ESE a nan 561-804-3110 oswa [sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org)"

## **CONTACT:**

Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator  
[sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org)  
561-804-3110



# Freedom Shores Elementary

## PTO INFO

Tanpri asire w ke ou vini nan reyinyon nou yo.



## VOLUNTEER INFO

Mèsi davans pou volonte ou bay tan ou ak talan ou pou ede non sèlman pwòp élèv ou, men tou anpil timoun ak pwofesè k ap travay di yo!  
Asistanis nesesè paridari tout ane lekòl la, epi ni ap chèche volontè....

- nan evènman aswè tankou dans ak sware fim
- anvan lekòl nan Eagle Buck Store ak Wonders of Learning Garden, Butterfly Garden, ak forè manjab.
- pandan lè lekòl nan salklas yo ak pou pwomnad, Jounen foto lekòl yo ak evènman espesyal tankou Vizit otè, Fwa Liv, ak boutik jou ferye ak boutik jou ferye.

Pou konnen ki jan ou kapab vin yon volontè tanpri imèl Koòdonatè Volontè a nan: [freedomshoresvolunteers@gmail.com](mailto:freedomshoresvolunteers@gmail.com)

Volontè nan Freedom Shores yo sou Remind  
Remind se yon aplikasyon mesaj tèks gratis ki ede pwofesè yo, élèv yo, ak paran yo kominike

- Pou jwenn notifikasyon pouse sou telefòn entelijan ou, ale nan rmd at / bkg8b7f
- Pou jwenn notifikasyon tèks, voye tèks mesaj la @ bkg8b7f nan nimewo a 8 1 0 1 0

## UPCOMING EVENTS

Jan. 18th – PTO MEETING at 5:30 PM

Jan. 18th – SAC MEETING right after

**FOR MORE PTO INFORMATION:**

[freedomshorespto@gmail.com](mailto:freedomshorespto@gmail.com)

**FOR MORE VOLUNTEER INFORMATION:**

[freedomshoresvolunteers@gmail.com](mailto:freedomshoresvolunteers@gmail.com)

# Dual Language & Esol


## RAPPEL

Jis yon ti rapèl, aplikasyon pou pwogram ochwa lekòl yo ouvè jiska 27 janvye. Si elèv 5yèm ane yo enterese aplike nan Okeeheelee Middle School pou kontinye edikasyon DL yo, aplikasyon an dwe fèt avan dat sa a. Si w bezwen asistans ak pwoesisi aplikasyon an, ou ka ale nan Okeeheelee oswa nou ka ede w isit la nan FSE tou. Tanpri wè ak Ms Coffman oswa Ms Briceno pou nenpòt késyon oswa asistans.



## ACCESS

Tès ACCESS yo ap kòmanse 23 janvye epi fini 17 mas. Tout elèv ELL K-5 pral pran tès konpetans nan lang ACCESS pandan peryòd tan sa a. Tès la mezire pwogrè elèv la nan koute, pale, li ak ekri. Y ap voye nòt endividiyèl elèv yo lakay yo nan yon dat apre. Plis enfòmasyon ap vini byento.



## Kindergarten:


Pwofesè Jadandanfan yo ap swete ou yon bòn ane! Nou espere ke ou tout te jwi vakans fèt ou a! Ak chak Nouvèl Ane nou reflechi sou ane anvan an epi detèmine objektif pou Nouvèl Ane a. Elèv jadandanfan nou yo ap travay di pou atenn objektif chak semèn yo ak trimès yo. Chak semèn objektif nou se konplete 45 minit i-ready oswa i-station ak omwen 45 minit SuccessMaker yon semèn nan lekòl la. Lakay yo, objektif yo pou lekòl se fè devwa yo epi li yon liv chak swa epi poze yo kesyon ki gen rapò ak sijè a. Trimès sa a objektif Jadandanfan nou yo se pou li pou kont li nan yon nivo C. Si w bezwen rekòmandasyon oswa ou gen nenpòt kesyon sou liv nivo C, Bibliyotèk la se yon bon resous pou jwenn liv selon klas ak nivo elèv yo.



## First Grade:

Alo 2023! Byenvini fanmi yo ak elèv yo! Nou espere ou te pase yon tan amizan ak detann! Pandan n ap kòmanse Nouvèl Ane a, asire w ke w kontinye travay sou konpetans n ap aprann chak jou. Epitou, revize konpetans nou deja aprann yo. Men kèk sijesyon pou ede pitit ou lakay ou... Nan lekti, li tèks fiksyon/non fiksyon epi poze pitit ou kesyon sou sa li te li. Nan ekri, nou pral ekri sou opinyon nou yo. Bay pitit ou a yon chwa (jwe andedan oswa deyò) epi fè yo eksplike poukisa li ta chwazi li. Nan matematik, revize ekri ak di nimewo 1-20 epi pratike sote konte pa 5 ak 10. Nan syans, obsève, dekri, epi idantifye diferan objè (matyè). Nan syans sosyal, diskite sou fason ou ka ekonomize lajan epi fikse yon objektif. Nou tout te manke! Nou kontan pou nou tounen! Mèsi pou sipò ou!





× %  
% ×



## Second Grade:


Bòn ane fanmi dezyèm ane nou yo! Nou espere tout moun te pase yon jou ferye amizan ak detann! Elèv yo te grandi anpil depi kòmansman ane a. Jis anvan repo nou te konplete dezyèm tou dyagnostik nou yo e nou te renmen wè konbyen nòt nou yo te amelyore! Nou te swiv done ak fikse objektif pou tèt nou. Tout moun te gen anpil plezi aprann sou jou ferye yo atravè mond lan. Li te yon bèle eksperyans pou nou konnen sou lòt tradisyon ki diferan ak tradisyon pa nou yo. Nou espere ou pral jwenn nou nan sware STEM le 18 janvye soti 6-7:30 kominike avèk diferan nivo klas yo ak aktivite pratik syans. Pa blyie ranpli mòso lekti ou yo - elèv yo ta dwe li 15 minit pa jou sa gen ladann lekti poukонт yo, li pou ou, oswa ak li nan nenpòt lang. Tanpri sonje tcheke dosye komunikasyon ble chak jou. Mèsi anpil pou sipò kontinyel ou!



## Third Grade:

Bòn ane, fanmi 3yèm ane! Nou espere ou te pase yon bèle repo jou ferye. Anvan repo a, nan lekti, nou te fini Unit 4 "Konpare pwen de vi." Nou kòmanse Nouvèl Ane a aprann sou "Avansman Teknoloji". Elèv yo pral li epi konpare seleksyon sou pwogrè nan teknoloji pou konprann valè inovasyon. Tanpri kontinye ankouraje pitit ou a li chak swa paske yo pral sèvi ak konpetans yo lè yo pran F.A.S.T. ELA PM2 jedi 5 janvye.





## Fourth Grade:

Bon retou! Nou espere ke ou te gen yon ti vakans ki te bèl bagay, yo kontan, an sante ak rafrechi. Nou nan mwatye nan ane lekòl sa a deja! Men kèk rapèl enpòtan pou mwa sa a. Egzamen FAST pou ELA pral 6 janvye epi tès matematik FAST pral 11yèm. Tanpri asire w ke ou fè pitit ou yo ale lekòl alè anvan 8è am pi piti paske se lè klas la kòmanse. Mèsi pou sipò ou chak jou ak tout sa ou fè pou ede pitit ou yo gen sikse!!



## Fifth Grade:

Bòn Ane epi Byenveni nan 2023. Pandan n ap tounen soti nan vakans sezón fredi nou an, n ap konplete dezyèm tès FAST la nan lekti ak matematik. Nou pral fè yon dyagnostik syans tou. Tès sa yo trè enpòtan epi ede gide leson yo jiska tès eta a pou asire nou tout byen prepare. Apre yo fin pase tès yo, paran yo ka wè nòt yo sou pòtal paran an. Pwofesè yo pral rankontre ak elèv yo apre tès yo pou detèmine pwen fò ak feblès yo konpare ak premye tès FAST yo. Nou espere ou ka vin jwenn nou pou kèk plezi pratik nan sware STEM nou an nan Mèkredi 18 janvye.



**ADVERTISE IN OUR NEWSLETTER!** If you have a business and would like to advertise in our newsletter or a banner on campus, Call Audra in the office at 561-804 - 3114 if you are interested. Your support helps with production and printing costs.

**A HUGE THANK YOU  
TO:**



**WHO ADOPTED: MS. MORIN'S, MS DANKWARDT, MS. CONCEPCION'S & MS. ITZKOWITZ'S CLASSES!!!!!!**

**A HUGE THANK YOU  
TO:**

**ASHLEY B. JEAN FRANCOIS  
&  
JEAN B. FRANCOIS**

**WHO ADOPTED:  
MS. VINAS' 5<sup>TH</sup> GRADE CLASS!!!!!!**

**A HUGE THANK YOU  
TO:**



**WHO ADOPTED:  
MS. THILEN'S &  
MS. RIPPE'S 3<sup>RD</sup> GRADE  
CLASS!!!!!!**



Mitchell H. Miller, DDS  
Pediatric Dentist  
391 North Congress Avenue  
Boynton Beach, FL 33426  
(561) 336 - 6560  
smile@millerpdo.com  
www.millerpdo.com

**SANDERS ELITE  
TUTORING**

**561-827-2060**

[www.sanderselitetutoring.com](http://www.sanderselitetutoring.com)

**A HUGE THANK YOU  
TO:**

**THE DERY FAMILY**

**WHO ADOPTED:  
MS. NEIBERG'S 3<sup>RD</sup> GRADE CLASS!!!!!!**

**A HUGE THANK YOU  
TO:**



**WHO ADOPTED:  
MRS. BERGERON'S 4<sup>TH</sup> GRADE  
CLASS!!!!!!**

**Sell Your Home \$99  
No Listing Commission**

**eBrokerless.com**



**MLS**

**561.305.8700**

<https://elcarwash.com/pbschools/>

Tanpri itilize lyen sa a sou sit entènèt ou/bilten nouvèl tout moun ki klike yo pral resevwa yon lave eksteryè seramik GRATIS ki vo \$22.00.



# JANVYE 2023

Welcome  
**BACK TO**  
**SCHOOL**

Dimanche	Lundi	Mardi	Mercredi	Jedi	Vendredi	Samedi
25	26	27	28	29	30	31
1	2 Konje Jounen Developman Profesyonèl	3 Konje Jounen Developman Profesyonèl	4 Retoumen nan klas pou élèv yo!	5 3èm Ane FAST ELA	6 4èm Ane FAST ELA	7
8	9	10 3èm Ane FAST MATH	11 4èm ak 5èm Ane FAST MATH	12	13 Kona ice pandan Rekreyasyon	14
15	16 Konje Jounen MLK	17 5èm Ane dragnostik Syans Kòmansman Fwa Liv Scholastic la	18 PRO S SAC- 530PM [tran sant Medya a] Nwit STEM- 6PM [Nan Kafeterya a]	19	20	21
22	23	24	25	26	27 Déjene Alfabetizasyon 3èm Ane a 7:15 Finisman Fwa Liv Scholastic la	28
29	30	31	1 Denyè jou pou retoumen Journal lèktiyo	2	3	

